



REGISTRATION FOR WATER & WASTEWATER BILLING

Please use this form for newly purchased property or mailing address updates and submit it to:
DEP-BCS, Attn: Registration Unit, 59-17 Junction Blvd, 7th Floor, Flushing, NY 11373

1) Service Requested (check all that apply):

- ☐ **New Owners (see the back page for more information)** ☐ Update Mailing Address ☐ Duplicate Bill Copy
☐ Add Another Name to the Bill ☐ Spelling Correction ☐ Add or Remove Agent/Managing Company

PROPERTY INFORMATION/SERVICE ADDRESS:

2) New Owners: Do you own other properties? ☐ Yes ☐ No

3) ACCOUNT NUMBER: _____ - _____ - _____ 4) Borough: _____
5) Property Address: _____ 6) Block: _____ Lot: _____
7) CITY: _____ 8) STATE: NEW YORK 9) ZIP: _____ 10) Purchase Date: _____

OWNER'S CONTACT INFORMATION:

11) OWNER'S NAME: _____ 12) DOB: (MM/YYYY): __/__/____
First Last
13) Additional Owner's Name (First, Last): _____
14) Mailing Address: _____ 15) CITY: _____ STATE: _____ ZIP: _____
16) Telephone: _____ 17) Email: _____

AUTHORIZE DUPLICATE BILL COPY TO ANOTHER PERSON OR BUSINESS:

18) Name/Business Name: _____ Email: _____
19) Address: _____ CITY: _____ STATE: _____ ZIP: _____

MANAGING AGENT/COMPANY INFORMATION:

20) Name/Business Name: _____ Email: _____
21) Address: _____ CITY: _____ STATE: _____ ZIP: _____

ONLINE ACCESS:

22) If you have an existing "My DEP Account" online profile, include your login email: _____
23) To delegate access to a managing agent or another person, include their existing online profile email: _____

24) VOLUNTARY VETERAN INDICATOR QUESTIONS:

1. Has anyone in your household ever served, or are they currently serving? ☐ Yes ☐ No
2. Please indicate ☐ U.S. Armed Forces ☐ National Guard ☐ Reserves ☐ Other (write in) _____
3. Please select who served / is serving: ☐ Self ☐ Spouse/Partner ☐ Child ☐ Other (write in) _____

ACKNOWLEDGEMENT:

25) I affirm that I am the owner of the above property and understand that the DEP will deliver water and wastewater bills and other communications to the Service (Property) Address shown above and duplicate bills to the Name and Mailing Address shown above. I acknowledge that charges issued against the property must be paid in full by the due date listed or interest charges will be imposed.

26) Signature of Owner/Authorized Representative

Date

27) Print Name of Person Signing on behalf of the Owner, if applicable: _____

KIJAN POU OU RANPLI FÒM ENSKRIPSYON POU RESEVWA FAKTI POU DLO AK SISTÈM ASENISMAN TOUT ENFÒMASYON YO DWE NAN LANG ANGLÈ

1. **Sèvis ou Fè Demann Pou Li an:** Chwazi pami opsyon yo bay yo- nouvo pwopriyetè, mizajou nan adrès postal, kopi fakti doub, ajoute yon lòt non sou fakti a, koriye òtograf la, epi ajoute oswa retire ajan/ajans jesyon
2. **Nouvo Pwopriyetè:** Di si ou genyen lòt pwopriyete (kay)

ENFÒMASYON/ADRÈS PWOPRIYETE A

3. **Nimewo Kont:** (w ap jwenn li sou fakti dlo a) Antre nimewo fakti kont lan ki gen 13 chif
4. **Sikonskripsyon:** Antre non sikonskripsyon an
5. **Adrès Pwopriyete a:** Antre adrès ri pwopriyete a ladan l lan
6. **Blòk – Anplasman:** Antre blòk lan ansanm ak nimewo anplasman an
7. **Vil:** Antre non vil la
8. **Eta:** Antre non eta a
9. **Kòd Postal:** Antre Kòd Postal la
10. **Dat Acha:** Antre dat ou te achte pwopriyete a

ENFÒMASYON POU KONTAKTE PWOPRIYETÈ A

11. **Non Pwopriyetè a:** Antre prenon ak siyati pwopriyetè a
12. **Dat nesans:** Antre mwa ak ane pwopriyetè a fèt
13. **Lòt Non Pwopriyetè a Genyen:** Antre lòt non pwopriyetè a genyen, si sa aplikab
14. **Adrès postal:** Antre adrès postal pwopriyetè a
15. **Vil, Eta, Kòd Postal:** Antre Vil, Eta ak Kòd Postal pou adrès postal pwopriyetè a
16. **Telefòn:** Antre nimewo telefòn pwopriyetè a
17. **Imèl:** Antre adrès imèl pwopriyetè a

OTORIZE POU BAY YON KOPI FAKTI AN BAY YON Lòt MOUN OSWA BIZNIS:

18. **Non/Non Biznis ak Imèl:** Antre non ak adrès imèl moun lan oswa biznis lan w ap bay otorizasyon pou li resevwa fakti a
19. **Adrès, Vil, Eta Ak Kòd Postal:** Antre adrès la ki gen non Vil la, Eta ak Kòd postal moun lan oswa biznis ou bay otorizasyon pou resevwa yon kopi fakti a

ENFÒMASYON AJAN JESYON/KONPAYI AN:

20. **Non/Non Biznis ak Imèl:** Antre non ak adrès imèl ajan jesyon an oswa konpayi an
21. **Adrès, Vil, Eta Ak Kòd Postal:** Antre adrès la ki gen non Vil la, Eta a, ak Kòd Postal ajan jesyon oswa konpayi an

AKSÈ ANLIY:

22. Si ou deja genyen yon pwofil anliy "My DEP Account" (Kont DEP Mwen an), mete **adrès imèl ou konn abitye konekte ak li a la a**
23. Si w ap bay yon ajan jesyon oswa yon lòt moun aksè, mete **adrès imèl pwofil anliy li deja genyen an la a**
24. **Kesyon Ochwa sou Eitati Veteran:** Kwoche kazyè ki aplike pou ou konsènan estati veteran ou

REKONESANS:

25. Mwen konfime mwen se pwopriyetè pwopriyete ki anwo a epi mwen konprann DEP pral delivre fakti pou dlo ak sistèm asenisman ansanm ak lòt komunikasyon nan Adrès (Pwopriyete) k ap resevwa Sèvis la ki lizib anwo a ak kopi fakti yo bay Non ak Adrès Postal ki lizib anwo a. Mwen rekonèt frè yo mete sou pwopriyete a mwen dwe peye tout nèt avan dat limit ki make a oswa y ap mete enterè sou li.
26. **Siyati Pwopriyetè a:** Siyen epi mete dat sou liy lan ki nan dokiman an
27. Ekri Non Moun k ap Siyen nan Non Pwopriyetè a, si genyen

ENFÒMASYON ENPÒTAN POU MÈT KAY YO FASON POU RANPLI FÒM ENSKRIPSYON OU AN

Si ou tcheke kazye "Nouvo Pwopriyetè" ki nan kòmansman fòm sa a oswa si ou chanje non ki parèt nan ak (papyè) pwopriyetè a sa pral lakòz yo ANILE tout Pwogram Pwoteksyon Liy Sèvis, Peman Otomatik, Plan Peman, Franchiz, tout dosye sou Fayit, ak Pwogram Asistans Dèt Dlo (Water Debt Assistance Program, WDAP).

Pwopriyetè & Adrès Postal: Non ki sou ak la dwe se menm non sa a ki sou kont lan. Mèt kay yo se moun ki responsab pou asire fakti yo voye pou sèvis dlo ak asenisman epi sa ki itilize nan kay la tout lajan an peye nèt avan dat limit la. Yo konsidere depans pou dlo ak sèvis asenisman yo antanke bonjan dwa sou pwopriyetè a jiskaske yo peye tout lajan an.

Mèt kay lan kapab chwazi pou yo ale livre fakti a nan yon lòt adrès pandan l ap ranpli adrès postal ki nan ribrik "Enfòmasyon pou Kontakte Pwopriyetè a". Pwopriyetè a kapab chwazi tou pou li voye yon kopi fakti a bay yon lòt moun epi nan yon lòt adrès pandan l ap siyen seksyon "Otorize pou bay yon Kopi Fakti an bay yon Lòt Moun oswa Biznis" ki nan kòmansman fòm sa a.

Enfòmasyon Jeneral: Si ou genyen kesyon konsènan fakti ou a, vizite [NYC.gov/DEP](https://www.nyc.gov/dep) oswa rele Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan nimewo ou wè anba la. Gen sèvis lang ki disponib. Sitwèb nou an gen enfòmasyon konsènan konsèyasyon anviwònman, aparèy pou ekonomize dlo ak lòt konsèy ki pou ede ou nan kantite dlo k ap konsome epi/oswa fuit ki gen nan kay ou a. Kay ou a dwe genyen yon AMR (Relve Otomatik pou kontè). Nan ka kontrè, tanpri kontakte DEP.

Aksè Anliy: Lè pwopriyetè an resevwa premye fakti an, li kapab anrejistre kont li an anliy - **Kont DEP Mwen An**. Itilizatè yo kapab enskri pou peman otomatik, fakti chak mwa epi fakti elektwonik. Pwopriyetè yo kapab gade fakti yo, kantite dlo yo itilize, soumèt demann tankou altèkasyon elatriye epi chanje adrès postal/enfòmasyon pou kontakte li ki pral parèt sou tout kont ki sou menm non sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [NYC.gov/DEP](https://www.nyc.gov/dep).

Enfòmasyon sou Veteran: Pwopriyetè an kapab itilize fòm sa a pou li bay enfòmasyon volontè veteran li. Tanpri sonje sa a pa afekte fakti ou an nan okenn sans.

Peman: Ou kapab fè peman anliy sou [nyc.gov/dep](https://www.nyc.gov/dep), nan telefòn pandan w ap rele nan 866-622-8292, oswa nan biwo nan nenpòt biwo nou genyen ki enimerè nan sikonskripsyon an ki anba la.

Ou kapab voye peye nan kourye lapòs:

Konsèy Minisipal pou Dlo nan Vil New York (NYC Water Board)
P.O. Box 11863
Newark, NJ 07101-8163

Si ou gen kèk peman ou poko fè, DEP kapab fè yon akò ak ou pou peye. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan akò peman yo, tanpri rele nan (718) 595-7890, lendi pou rive vandredi apati 9:00am rive 5:00pm.

Pou mande konsènan sèvis DEP yo oswa mande èd:

- Rele Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan (718) 595-7000, lendi pou rive vandredi apati 9:00am rive 6:00pm.
- Voye imèl bay DEP nan: customerservice@dep.nyc.gov. Tanpri mete adrès kay ou an, nimewo kont dlo ak asenisman ou an (si li disponib) ak enfòmasyon pou kontakte ou an.

Adrès Biwo yo:

Manhattan: 55 West 125th St. 9yèm etaj New York, NY 10027	Bronx: 1932 Arthur Ave. 6yèm etaj Bronx, NY 10457	Brooklyn: 345 Adams St. 9yèm etaj Brooklyn, NY 11201	Queens: 96- 05 Horace Harding Expy 1st fl Flushing, NY 11368	Staten Island: 60 Bay Street 6yèm etaj S.I., NY 10301	Biwo Santral: 59-17 Junction Blvd. Flushing, NY 11373
---	---	--	--	---	--